



Aplikasyon pou Lisans Ofisyèl Espò Konba Pwofesyonèl (Lisans Abit, Jij oswa Kwonometrè)

Li enstriksyon yo avèk anpil atansyon anvan ou ranpli aplikasyon an. N ap retounen aplikasyon ki pa fin ranpli yo, epi sa ap lakòz ou jwenn reta pou resevwa lisans ou. Si ou pa mete yon enfòmasyon, si ou mete enfòmasyon ki pa gen presizyon oswa si ou pa bay tout enfòmasyon yo nan yon aplikasyon oswa si ou pa bay tout dokiman sipò, nou ka gen rezon ki ase pou ba ou refi pou yon lisans, oswa, si nou ba ou yon lisans, nou kapab sispann li oswa anile li.

Konbyen lajan pou mwen peye pou yon Lisans Abit, Jij ak Kwonometrè Bòks Pwofesyonèl epi pou konbyen tan lisans lan la?

Frè pou peye pou yon Lisans Abit ak Jij Bòks ye se \$50.00. Frè pou peye pou yon Lisans Kwonometrè Bòks se \$10.00. Yon Lisans Abit, Jij oswa Kwonometrè pou espò bòks valab jouk 30 septanm apre dat nou bay lisans lan.

Kisa frè pou peye ak dire yon Lisans Abit, Jij ak Kwonometrè Boza Masyal Miks ye?

Frè pou peye pou yon Lisans Abit ak Jij Boza Masyal Miks ye se \$100.00. Frè pou peye pou yon Lisans Kwonometrè Boza Masyal Miks se \$40.00. Yon Lisans Abit, Jij oswa Kwonometrè pou espò boza masyal miks valab pou yon ane apre dat nou bay lisans lan.

Kilè pou mwen aplike pou yon lisans orijinal?

Ou kapab aplike pou yon lisans orijinal nenpòt lè. Men, si ou planife pou patisipe nan yon evènman ki pwograme, nou ankoraje ou pou soumèt aplikasyon pou lisans ou ak dokiman obligatwa yo de semèn anvan evènman an pou kite kantite tan konvnab pou nou travay sou aplikasyon an.

Kilè pou mwen renouvre lisans mwen?

Ou kapab renouvre lisans ou twa mwa anvan ak twa mwa apre dat ekspirasyon lisans lan. Si ou pa renouvre lisans ou nan dat limit twazan, ou dwe soumèt yon aplikasyon orijinal pou lisans ansanm avèk dokiman obligatwa yo.

Èske mwen bezwen fè Anprend Dijital?

Non. Li pa obligatwa pou fè anprend dijital.

Pou kisa mwen bezwen adrès imèl mwen?

W ap resevwa lisans ou ak nenpòt korespondans ki asosye avèk lisans ou oswa aplikasyon ou nan imèl. Si adrès imèl ou chanje, soumèt yon aplikasyon modifye nan biwo sa a pou bay nouvo adrès imèl ou.

Ki kondisyon eksperyans pou yon nouvo Lisans Abit, Jij oswa Kwonometrè Espò Konba?

Moun ki aplike pou nouvo Lisans Kwonometrè dwe pwouve yo gen konpetans nan kwonometraj Espò Konba amatè oswa pwofesyonèl ki apwouve ofisyèlman oswa yo dwe pwouve yo gen yon Sètifica Patisipasyon nan Kou Fòmasyon Kwonometrè ABC apwouve. **Moun ki aplike** pou nouvo **Lisans Abit oswa Jij Bòks** dwe gen yon minimòm 400 rawonn eksperyans, epi moun ki aplike pou nouvo **Lisans Abit oswa Jij Boza Masyal Miks** dwe gen yon minimòm 200 rawonn eksperyans ansanm avèk match amatè oswa pwofesyonèl yo apwouve ofisyèlman.

Moun ki aplike pou nouvo Lisans Abit ak Jij dwe gen yon Sètifica Patisipasyon nan Kou Fòmasyon Abit oswa Jij ABC apwouve tou. Pou pwouve eksperyans ou, ou dwe bay omwen yon lèt referans ki soti nan chak òganizasyon apwobasyon amatè oswa komisyon espòtif ki sipèvize evènman (yo).

Èske mwen dwe pase yon egzamen oswa èske Komisyon Espòtif Eta New York dwe fè entèvyou avèk mwen pou mwen vin lisansye?

Ou ka gen obligasyon pou pase yon egzamen oswa pou reprezantan Komisyon Espòtif Eta New York fè entèvyou avèk ou dapre eksperyans ou rapòte a.

Ki rezulta tès medikal ki obligatwa pou mwen lisansye?

Pa soumèt rezulta tès medikal ki pa obligatwa. Rezulta tès medikal ki endike anba la yo avèk dat tès yo obligatwa:

- Dosye Istwa ak Egzamen Fizik Konplè pou Lisans kòm yon Jij oswa Abit ki ranpli nan 1 ane (pou moun ki aplike pou Abit ak Jij)
- Egzamen zye dilate yon optometris oswa oftalmolojis fè nan 1 ane (pou moun ki aplike pou Abit ak Jij)
- EKG 12 derivasyon ou fè nan 1 ane (pou moun ki aplike pou Abit)
- Antijèn Sifas Epatit B - Ki date nan 1 ane (pou moun ki aplike pou Abit)
- Antikò Epatit C - Ki date nan 1 ane (pou moun ki aplike pou Abit)
- VIH - Ki date nan 1 ane (pou moun ki aplike pou Abit)

Ki dokiman k ap pwouve fòmasyon ak eksperyans mwen kòm yon Abit, Jij oswa Kwonometrè?

- Lèt referans yon òganizasyon apwobasyon amatè ak komisyon espòtif ki sipèvize evènman (yo) ou te vin gen eksperyans ladan yo
- Sètifica (yo) patisipasyon nan kou fòmasyon Asosyasyon Komisyon Bòks apwouve pou Abit, Jij oswa Kwonometrè
- Rezime espò konba ak yon lis referans
- Sètifica (yo) patisipasyon nan seminè newolojik oswa prèv eksperyans ak/oswa fòmasyon ou genyen nan rekonèt sentòm newolojik nuizib (pou moun ki aplike pou Abit yo)

Ki dokiman ki obligatwa avèk aplikasyon mwen?

- Kopi ID ki gen foto yo bay nan gouvènman epi ki pa ekspire
- Dokiman ki sipòte repons ou "WI" ou (yo) pou kesyon ki nan seksyon "Enfòmasyon Jeneral" ak "Enfòmasyon Finansye" aplikasyon sa a.
- Prèv fòmasyon ak eksperyans ou
- Rezime espò konba ak yon lis referans
- Fòm Divilgasyon Enfòmasyon Medikal (pou moun ki aplike pou Abit ak Jij yo) Kopi ID ki gen foto yo bay nan gouvènman epi ki pa ekspire
- Fòm Divilgasyon Enfòmasyon daprè HIPAA (pou moun ki aplike pou Abit ak Jij yo)
- Frè aplikasyon \$50.00 pou Lisans Abit oswa Jij Bòks
- Frè aplikasyon \$10.00 pou Lisans Kwonometrè Bòks
- Frè aplikasyon \$100.00 pou yon Lisans Abit ak Jij Boza Masyal Miks
- Frè aplikasyon \$40.00 pou yon Lisans Kwonometrè Boza Masyal Miks

Aplikasyon pou Lisans Ofisyèl Espò Konba Pwofesyonèl (Lisans Abit, Jij oswa Kwonometrè)

Kisa yon rezime espò konba ye?

Yon rezime ki bay detay sou kalifikasyon ak eksperyans enpòtan ou, edikasyon ak/oswa fòmasyon ou ak lisans ou ak/oswa sètifika ou pou lisans bòks oswa boza masyal miiks.

Ki fòm Peman ou Aksepte?

Ou ka peye avèk chèk oswa chèk postal ki ekri sou non Department of State. **Pa voye lajan kach. Nou pa ranbouse frè aplikasyon an.** W ap gen pou peye yon frè \$20 dola pou nenpòt chèk bank ou retounen.

Kijan pou mwen soumett aplikasyon mwen ak dokiman sipò yo ba Komisyon Espòtif Leta (State Athletic Commission)?

Voye yo pa lapòs New York State, Department of State
nan adrès: State Athletic Commission
P.O. Box 22090
Albany, NY 12201-2001

Seksyon aplikasyon an ki gen Rapò konsènan Sipò Timoun

Rapò konsènan Sipò Timoun obligatwa nan Eta New York (Lwa sou Obligasyon Jeneral) kit ou gen ptit kit ou pa genyen, oswa kit ou gen nenpòt obligasyon pou peye sipò kit ou pa genyen.

Si yon moun dwe kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere peman nan sipò timoun, nou ka sispann lisans biznis, lisans pwofesyonèl ak lisans chofè moun sa a.

Si ou fè espre pou bay yon fo deklarasyon alekri pou twonpe oswa dekoraje egzekisyon legal obligasyon pou peye sipò, ou ka tonbe anba pinisyon dapre §175.35 Lwa Penal. Si ou bay yon fo dokiman pou mete nan dosye ou nan yon ajans gouvènman leta oswa lokal avèk entansyon pou fè fwod, ou fè yon krim Klas E.

AVI SOU KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PRIVE

Eske mwen dwe bay nimewo Sekirite Sosyal mwen sou Aplikasyon an?

Wi. Komisyon Atletik Eta (State Athletic Commission) gen obligasyon pou pran nimewo Sekirite Sosyal tout moun k ap resevwa lisans yo. Nou jwenn otorizasyon pou mande ak konsève enfòmasyon pèsonèl sa yo nan §5 Lwa sou Taks (Tax Law) ak §3-503 Lwa sou Obligasyon Jeneral (General Obligations Law). Ou gen obligasyon pou bay enfòmasyon yo. Nou pran enfòmasyon yo pou pèmèt Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) idantifye moun, biznis ak lòt moun ki anreta nan deklarasyon taks sou revni yo oswa ki te ka pa estime obligasyon fiskal yo ase epi anjeneral pou idantifye moun taks afekte ki anba kontwòl Manm Komisyon Taksasyon ak Finans. N ap itilize yo pou administrasyon taks ak nenpòt lòt objektif Lwa Fiskal otorize nou, epitou ajans egzekisyon sipò timoun oswa reprezantan otorize eta sa a oswa lòt eta yo ka itilize enfòmasyon yo dapre Tit IV-D Lwa sou Sekirite Sosyal (Social Security Act), pou kreye, modifie oswa egzekite yon lòd sipò, men enfòmasyon yo p ap disponib pou publik la. Yon eksplikasyon alekri obligatwa kote ou pa bay nimewo a. Otorizasyon pou mande enfòmasyon sa yo endike tou nan 19 NYCRR § 207.5(a)(1). Komisyon an ap konsève enfòmasyon sa yo nan Sistèm Enfòmasyon sou Fason yo Bay Lisans (Licensing Information System), nan adrès 123 William Street, New York, NY 10038-3804.

TANPRI SONJE MENMSI OU REMÈT APLIKASYON SA A SA PA GARANTI W AP JWENN OTORIZASYON POU PATISIPE NAN YON KONPETISYON BÒKS PWOFESYONÈL.



Aplikasyon pou Lisans Ofisyèl Espò Konba Pwofesyonèl (Lisans Abit, Jij oswa Kwonometrè)

*Li Enstriksyon yo anvan ou ranpli aplikasyon sa a. Ou dwe ekri repons yo avèk plim epi an lèt detache. Yon * vle di yon repons obligatwa.*

Pou aplike pou plis pase yon lisans, soumèt yon aplikasyon apa, frè pou peye a ak dokiman obligatwa yo pou chak lisans.

*Chwazi Kalite Biznis lan (Fè yon kwa nan yon sèl ti bwat): Abit Bòks (\$50.00) Jij Bòks (\$50.00) Kwonometrè Bòks (\$10.00)

Abit Boza Masyal Miks (\$100.00) Jij Boza Masyal Miks (\$100.00) Kwonometrè Boza Masyal Miks (\$40.00)

*Èske w ap aplike pou yon nouvo lisans, pou renouve yon lisans oswa èske ou vle modifye/chanje enfòmasyon ki nan dosye ou?

(Fè yon kwa nan yon Nouvo (Gade frè pou peye a anwo a) Renouvèlman (Gade frè pou peye a anwo a) Modifikasyon (Gratis)

ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A

*Prenon	*Non fanmi	Inisyal Dezyèm Prenon	Tit
*Adrès 1		Adrès 2	
*Vil	*Eta Etazini oswa Pwovens Kanada		*Kòd Postal
Konte (si w ap viv nan Eta New York)	*Peyi	*Gason oswa Famn <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fanm	*Dat Nesans (mwa/jou/ane)
*Èske ou gen yon nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN)?			
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si ou reponn "WI", bay nimewo sekirite sosyal ou:			
*Nimewo Telefòn - Kay	Selilè	Biznis	*Adrès Imèl

* Mwen tache yon kopi yon ID foto yo bay nan gouvènman epi ki pa ekspire.

ENFÒMASYON JENERAL

1) *Èske ou gen, oswa èske ou te janm gen, yon lisans Komisyon Espòtif Vil New York (NYS Athletic Commission) oswa nenpòt lòt Komisyon Espòtif te bay?

Wi Non Si ou reponn "WI", bay enfòmasyon nou mande anba la yo pou chak lisans ou genyen:

Kalite Lisans lan	Eta ki Bay Lisans lan (Etazini sèlman)	Peyi ki bay lisans lan	Nimewo lisans	Ane lisans lan
-------------------	--	------------------------	---------------	----------------

2) *Èske yo te anile, sispann oswa ba ou refi pou nenpòt lisans oswa pèmi yo te ba ou oswa yon konpayi kote ou se oswa te yon responsab prensipal nan Eta New York oswa lòt kote oswa èske ou te janm anba sanksyon disiplinè?

Wi Non Si ou reponn "WI", eksplike:

3) *Èske lajistis te janm kondane ou nan New York oswa lòt kote pou nenpòt zak kriminèl ki se yon deli oswa yon krim?

Wi Non Si ou reponn "WI", bay enfòmasyon nou mande anba la yo pou chak kondanasyon:

Ane Kondanasyon an	Jiridiksyon kote lajistis te kondane ou	Zak (krim) ki lakòz lajistis te kondane ou
--------------------	---	--

Si lajistis te kondane ou, tache yon kopi Sètifikasi Soulajman nan Andikap, Padon Egzekitif, Sètifikasi Bon Konduit oswa lòt dokiman sipò.

Aplikasyon pou Lisans Ofisyèl Espò Konba Pwofesyonèl (Lisans Abit, Jij oswa Kwonometrè)

4) *Èske gen nenpòt akizasyon kriminèl (deli oswa krim) ki pandye sou tèt ou nan nenpòt tribunal nan New York oswa lòt kote?

Wi Non Si ou reponn "WI", bay enfòmasyon nou mande anba la yo pou chak akizasyon:

Ane akizasyon an	Jiridiksyon kote yo te mete ou anba akizasyon an	Zak la (kalite akizasyon an)	Dènye sitiyasyon akizasyon an
------------------	--	------------------------------	-------------------------------

5) *Èske ou gen nenpòt dèt ki asosye avèk jwèt aza?

Wi Non Si ou reponn "WI", eksplike:

FÒMASYON AK EKSPERYANS

1) *Èske ou gen yon sètifica patisipasyon nan yon kou pou yon kou fòmasyon Abit oswa Jij Asosyasyon Komisyón Bòks (Association of Boxing Commissions) rekonèt oswa apwouve?

Wi Non Si ou reponn "WI", bay non ak dat twa dènye kou fòmasyon ou te patisipe yo:

Non seminè (yo)	Dat seminè (yo)
-----------------	-----------------

Tache yon kopi sètifica patisipasyon ou nan kou a (yo)

2) *Dekri eksperyans ou ak kalifikasyon ou yo pou resevwa lisans lan. Si ou bezwen plis espas, tache dokiman siplémentè.

3) *Bay lis kantite rawonn eksperyans ou te vin genyen nan espò konba ak kalite lisans ou aplike pou li a nan evènman bòks oswa boza masyal miks **amatè ak pwofesyonèl ki apwouve**. (Kantite minimòm rawonn eksperyans ki obligatwa pou nou konsidere ou pou yon Lisans kòm yon Abit oswa Jij Bòks Pwofesyonèl se 400 epi kòm yon Abit oswa Jij Boza Masyal Miks Pwofesyonèl se 200.)

Rawonn Pwofesyonèl ki Apwouve			Rawonn Amatè ki Apwouve		
Espò Konba	Rawonn Jij	Rawonn Abit	Espò Konba	Rawonn Jij	Rawonn Abit
Bòks			Bòks		
Boza Masyal Miks			Boza Masyal Miks		

Tache omwen yon lèt referans yon òganizasyon apwobasyon amatè ki sipèvize evènman (yo) ou te vin gen eksperyans amatè ou ak omwen yon lèt referans yon komisyón espòtif ki sipèvize evènman (yo) ou te vin gen eksperyans pwofesyonèl.

4) *Èske ou te patisipe nan seminè newolojik anba sipèvizon yon doktè Komisyón Espòtif Eta New York (New York State Athletic Commission) chwazi oswa èske ou gen eksperyans/fòmasyon nan rekonèt sentòm newolojik nuizib boksè oswa atis biza masyal miks? (pou moun ki aplike pou Abit)

Wi Non Si ou reponn "WI", bay non ak dat twa dènye seminè ou te patisipe yo:

Non seminè (yo)	Dat seminè (yo)
-----------------	-----------------

Bay lis eksperyans ak fòmasyon ou genyen nan rekonèt sentòm newolojik nuizib nan boksè ak atis boza masyal miks.

Tache yon (kèk) sètifica patisipasyon nan kou ak lòt prèv eksperyans ak fòmasyon.

5) *Èske ou asosye oswa èske ou gen yon relasyon pèsònèl avèk nenpòt boksè pwofesyonèl (yo), atis boza masyal miks (yo), manadjè (yo), ranplasan (yo), antrenè (yo), pwomotè (yo), antremetè (yo), oswa nenpòt anplwaye (yo) nenpòt moun/enstitusyon oswa enstitusyon apwobasyon oswa anplwaye Komisyón Espòtif Eta New York?

Wi Non Si ou reponn "WI", bay non yo:

Prenon ak non fanmi yo

Aplikasyon pou Lisans Ofisyèl Espò Konba Pwofesyonèl (Lisans Abit, Jij oswa Kwonometrè)

6) *Soumèt yon kopi rezime espò konba ou ak lis referans yo. Mete nimewo telefòn lajounen ak adrès imèl chak referans.

ENFÒMASYON FINANSYE

1) *Èske ou gen yon enterè finanse nan nenpòt boksè pwofesyonèl (yo), atis boza masyal miks (yo), manadjè (yo), ranplasan (yo), antrenè (yo), pwomotè (yo), antremetè (yo), oswa nenpòt anplwaye (yo) nenpòt moun/enstitisyon oswa enstitisyon apwobasyon?

Wi Non Si ou reponn "WI", tanpri bay enfòmasyon nou mande anba la yo:

Prenon ak non fanmi (yo)	Deskripsyon enterè finansye a
--------------------------	-------------------------------

2) *Èske gen yon jijman final ki pa satisfezan nan moman an kont ou?

Wi Non Si ou reponn "WI," bay yon eksplikasyon:

Tache dokiman siplemantè ou vle fè nou konnen.

3) *Èske ou dwe nenpòt taks ou pa peye nan nenpòt jiridiksyon fiskal?

Wi Non Si ou reponn "WI," bay yon eksplikasyon:

Tache dokiman siplemantè ou vle fè nou konnen.

4) *Èske ou gen nenpòt lisans oswa asirans-kosyon ki te sispann oswa anile epi ou pa t jwenn ankò?

Wi Non Si ou reponn "WI," bay yon eksplikasyon:

Tache dokiman siplemantè ou vle fè nou konnen.

5) *Èske ou gen yon dèt ki nan yon pwosedi fayit ki annatant?

Wi Non Si ou reponn "WI," bay yon eksplikasyon:

Tache dokiman siplemantè ou vle fè nou konnen.

6) * Èske ou te resevwa yon dechaj nan fayit nan dènye 12 mwa yo?

Wi Non Si ou reponn "WI," bay yon eksplikasyon:

Tache dokiman siplemantè ou vle fè nou konnen.

7) *Èske ou te jwenn refi pou yon dechaj nan fayit nan dènye 36 mwa yo?

Wi Non Si ou reponn "WI," bay yon eksplikasyon:

Tache dokiman siplemantè ou vle fè nou konnen.

Aplikasyon pou Lisans Ofisyèl Espò Konba Pwofesyonèl (Lisans Abit, Jij oswa Kwonometrè)

ENFÒMASYON MEDIKAL (pou moun ki aplike pou Lisans Abit ak Jij)

(Pa soumèt rezulta tès medikal ki pa obligatwa pou resevwa lisans.)

1) Pou ou kapab lisansye kòm yon Jij oswa Abit Bòks Pwofesyonèl oswa Boza Masyal Miks nan New York, ou dwe soumèt yon egzamen oftalmolojik dilate yon oftalmolojis oswa optometris lisansye fè. Ou dwe te fè egzamen an pa plis pase 1 ane apre dat ou resevwa lisans lan.

Mwen tache yon kopi egzamen oftalmolojik dilate mwen.

2) Pou ou kapab lisansye kòm yon Abi Bòks Pwofesyonèl oswa Boza Masyal Miks nan New York, ou dwe soumèt yon elektwokadyogram (EKG - 12 Derivasyon).

Mwen tache yon kopi elektwokadyogram mwen.

3) Pou ou kapab lisansye kòm yon Jij oswa Abit oswa Jij Bòks Pwofesyonèl oswa Boza Masyal Miks nan New York, ou dwe soumèt yon egzamen fizik yon doktè lisansye fè. Oumenm ak doktè ou dwe ranpli Dosye Istwa NYSAC ak Egzamen Fizik pou Lisans kòm yon Jij oswa Abit.

Mwen tache yon kopi Fòm Istwa ak Egzamen Fizik mwen.

4) Pou ou kapab lisansye kòm yon Abi Bòks Pwofesyonèl oswa Boza Masyal Miks nan New York, ou dwe soumèt tès san ki endike anba la yo. Ou dwe te fè tès san yo pa plis pase 1 ane apre dat ou resevwa lisans lan.

Mwen tache yon kopi tès san mwen pou Antijèn Sifas Epatit B.

Mwen tache yon kopi tès san mwen pou Antikò Epatit C.

Mwen tache yon kopi tès san mwen pou VIH.

DEKLARASYON KONFIMASYON

1) *Rapò konsènan Sipò Timoun:

Mwen konfime apati dat ki nan aplikasyon sa a, mwen pa anba yon obligasyon pou peye sipò timoun oswa si mwen anba yon obligasyon pou peye sipò timoun, mwen pa anreta depi kat mwa oswa plis mwa nan aryere nan peman sipò timoun, oswa m ap fè peman dapre egzekisyon sou revni oswa dapre plan peman oswa plan ranbousman tribinal egzije oswa dapre plan toulède moun ki konsène yo dakò, oswa obligasyon mwen pou peye sipò timoun ka depannde yon pwosedi tribinal ki annatant, oswa m ap resevwa èd piblik oswa revni sekirite siplamentè.

Mwen li epi mwen konprann Deklarasyon konsènan Sipò Timoun epi mwen konfime mwen konfòme mwen.

2) *Lwa Règ ak Règleman (jwenn yo sou sitwèb www.dos.ny.gov/athletic):

Mwen konprann, mwen dakò epi mwen rekonèt mwen responsab pou konfòme mwen avèk Iwa, règ ak règleman Eta New York ak Komisyón Espòtif Eta New York (New York State Athletic Commission, NYSAC) jan yo anvigè pou disiplin lisans mwen.

3) *Konfirmasyon Aplikasyon:

Mwen, ki siyen anba la a, mwen peye frè ki obligatwa a, mwen fè aplikasyon an dapre Iwa Eta New York epi mwen respekte Règ ak Règleman Komisyón Espòtif Eta New York. Mwen rekonèt Depatman-Deta Eta New York (New York State Department of State), Komisyón Espòtif Leta ka apwouve oswa rejte aplikasyon sa a apre yo revize li, epi lè mwen soumèt aplikasyon sa a sa pa ban mwen okenn dwa oswa privalèj pou fè aktivite ki egzije pou mwen gen yon lisans. Mwen konfime anba menas pou fo temwayaj enfòmasyon ki nan aplikasyon an se enfòmasyon ki vrè. Mwen rekonèt epi mwen dakò si mwen bay nenpòt fo enfòmasyon sa ka lakòz mwen tonbe anba sanksyon kriminèl ak administratif. Mwen rekonèt epi mwen dakò m ap modifye aplikasyon sa a pou lisans lan imedyatman epi m ap depoze aplikasyon modifye a nan Depatman-Deta Eta New York, Komisyón Espòtif Leta sizoka nenpòt enfòmasyon mwen te antre vin chanje. Mwen rekonèt mwen pa kapab transfere nenpòt lisans yo ban mwen dapre aplikasyon sa a.

Non Moun ki Aplike a an Lèt Detache

X

Siyati Moun ki Aplike a

Dat la

Tache dokiman ki endike anba la yo nan aplikasyon ou:

- Kopi ID ki gen Foto yo bay nan gouvènman epi ki pa ekspire
- Dokiman ki sipòte repons ou (yo) pou kesyon ki nan seksyon "Enfòmasyon Jeneral" ak "Enfòmasyon Finansye" aplikasyon sa a.
- Lèt (yo) referans òganizasyon apwobasyon amatè (yo) ak komisyón espòtif yo ki pwouve eksperyans ou
- Sètifikasi (yo) patispasyon nan kou fòmasyon Abit, Jij oswa Kwonometrè ABC apwouve
- Sètifikasi (yo) patispasyon pou seminè newolojik (yo) ki fèt anba sipèvizon yon doktè Komisyón Espòtif Eta New York chwazi oswa lòt prèv eksperyans/fòmasyon ou genyen nan rekonèt sentòm newolojik nuizib Boksè oswa Atis Boza Masyal Miks (pou moun ki aplike pou Abit yo)
- Rezime espò Konba ou ak yon lis referans ki gen enfòmasyon pou kontakte yo
- Dosye Istwa ak Egzamen Fizik (pou moun ki aplike pou Abit ak Jij yo)
- Rezilta tès medikal ki gen dat tès yo (pou moun ki aplike pou Abit ak Jij yo)
- Fòm pou Divilgasyon Enfòmasyon Medikal (pou moun ki aplike pou Abit ak Jij yo)
- Divilgasyon Enfòmasyon dapre HIPAA (pou moun ki aplike pou Abit ak Jij yo)
- Frè \$50.00 pou aplikasyon pou Lisans Abit oswa Jij Bòks (ou dwe peye li avèk chèk oswa chèk postal)
- Frè \$10.00 pou aplikasyon pou Lisans Kwonometrè (ou dwe peye li avèk chèk oswa chèk postal)
- Frè \$100.00 pou aplikasyon pou Lisans Abit oswa Jij Boza Masyal Miks (ou dwe peye li avèk chèk oswa chèk postal)
- Frè \$40.00 pou aplikasyon pou Lisans Kwonometrè Boza Masyal Miks (ou dwe peye li avèk chèk oswa chèk postal)



Divilgasyon Enfòmasyon Medikal

OTORIZASYON POU DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL BA TOUT MANM KOMISYON KI AFILYE AVÈK ASOSYASYON KOMISYON BÒKS (ASSOCIATION OF BOXING COMMISSIONS, ABC)

Mwen bay otorizasyon pou Komisyon Atletik Eta New York (New York State Athletic Commission) pou pibliye, divilge ak bay pou nenpòt lòt komisyon oswa pwogram ki afilye avèk Asosyasyon Komisyon Bòks (ABC), tankou rapòtè ofisyèl, nenpòt ak tout dosye medikal mwen Komisyon Atletik Eta New York jwenn konsènan fason mwen resevwa lisans mwen kòm yon pwofesyonèl espò konba, tankou men pa sèlman, egzamen fizik anyèl, egzamen oftalmolojik, egzamen newolojik, rezulta tès ki negatif pou virus HIV, virus Epatit B, ak virus Epatit C, tès dwòg, dosye lopital, ak nenpòt lòt enfòmasyon konsènan pwoblèm medikal ki gen pou wè ak pwopriyete lisans mwen kòm yon boksè (tankou istwa, rezulta, dyagnostik ak sa ki prevwa).

Mwen rekonèt, epitou mwen dakò, mwen pa gen obligasyon pou mwen siyen Otorizasyon sa a pou Divilge Enfòmasyon Medikal yo, epitou si mwen refize siyen dokiman sa a sa p ap lakòz Komisyon Atletik Eta New York oswa nenpòt komisyon manm ki afilye avèk ABC fè okenn aksyon negatif kont mwen.

Mwen rekonèt, epitou mwen dakò, pou yo pa divilge dosye medikal ki dekri nan dokiman sa a pou nenpòt objektif ki pa objektif yon komisyon manm ki afilye avèk ABC pou detèmine si mwen kalifye pou patisipe nan yon espò konba.

Mwen rekonèt, epi mwen dakò, otorizasyon sa a dwe rete anvigè pou yon peryòd yon ane apati dat mwen siyen li, epitou li empòtan pou tout dosye medikal ki dekri la yo si yo te kreye dosye yo anvan, oswa apre dat mwen siyen otorizasyon an.

NON MOUN KI APLIKE A AN LÈT DETACHE

NIMEWO I.D. FEDERAL MOUN KI APLIKE A

SIYATI MOUN KI APLIKE A

DAT SIYATI A



Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon sou Sante Dapre HIPAA

Non Pasyan an	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number)
Adrès Pasyan		Nimewo Telefòn Pasyan an

Mwen, oswa reprezantan otorize mwen, mande pou yo divilge enfòmasyon sou sante ki konsène swen mwen jan sa endike nan fòm sa a:
Dapre Lwa Eta New York (New York State Law) ak Règleman konsènan Enfòmasyon Prive (Privacy Rule) Lwa 1996 sou Transferabilite ak Responsablitè Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996 (HIPAA)) mwen rekonèt:

1. Otorizasyon sa a ka gen divilgasyon enfòmasyon ki konsène **ABI ALKÒL** ak **DWÒG, TRETMAN SANTE MANTAL**, sof nòt siko-terapi, ak **VIH* AN SEKRÈ KI KONSENE ENFÒMASYON** yo sèlman si mwen mete inisyal mwen nan liy apwopriye ki nan Paragraf 9(a). Sizoka enfòmasyon medikal mwen ki dekri anba la a gen nenpòt kalite enfòmasyon sa yo, epi si mwen mete inisyal mwen sou liy ki nan kaz nan Paragraf 9(a), mwen otorize yon fason espesyal pou yo divilge enfòmasyon yo ba moun ki endike a (yo) nan Paragraf 8.
2. Si mwen bay otorizasyon pou divilge enfòmasyon ki konsène VIH, tretman pou abi alkòl oswa dwòg, oswa tretman pou pwoblèm sante mantal, moun ki resevwa enfòmasyon yo ap gen entèdiksyon pou re-divilge enfòmasyon yo san otorizasyon mwen sof si lalwa federal oswa lwa eta a bay otorizasyon pou sa fèt. Mwen rekonèt mwen gen dwa tou po mande yon lis moun ki ka resevwa oswa ki ka itilize enfòmasyon ki asosye avèk VIH mwen san otorizasyon mwen. Si mwen viktim diskriminasyon akòz pubblikasyon oswa divilgasyon enfòmasyon ki asosye avèk VIH mwen, mwen ka kontakte Divizyon Eta New York pou Dwa Moun (New York State Division of Human Rights) nan nimewo (718) 741-8400 oswa Komisyon Vil New York pou Dwa Moun (New York City Commission of Human Rights) nan nimewo (212) 306-7450. Ajans sa yo responsab pou pwoteje dwa mwen.
3. Mwen gen dwa pou anile otorizasyon sa a nenpòt kilè depi mwen voye yon lèt ba pwofesyonèl swen sante ki endike anba la a. Mwen rekonèt mwen ka anile otorizasyon sa a, sof nan limit aksyon yo deja fè selon otorizasyon sa a.
4. Mwen rekonèt mwen ka siyen otorizasyon sa a sèlman si mwen vle. Tretman mwen, peman mwen, enskripsyon mwen nan yon plan sante, oswa kalifikasyon mwen pou avantaj yo p ap depannde otorizasyon mwen pou divilgasyon sa a.
5. Moun ki resevwa enfòmasyon ki divilge dapre otorizasyon sa a kapab re-divilge enfòmasyon yo (sof jan sa endike nan Paragraf 2), epi re-divilgasyon an ka pa jwenn pwoteksyon lwa federal oswa lwa leta ankò.
6. **OTORIZASYON SA A PA OTORIZE OU POU DISKITE SOU ENFÒMASYON SOU SANTE MWEN OSWA SOU SWEN MEDIKAL MWEN AVÈK NENPÒT LÔT MOUN KI PA AVOKA OSWA AJANS GOUVÈNMAN KI ENDIKE NAN PARAGRAF 9(b).**
7. Non ak adrès pwofesyonèl swen sante oswa ajans ki pou divilge enfòmasyon sa yo:
8. Non ak adrès moun (yo) oswa kategori moun yo dwe voye enfòmasyon sa yo ba yo:

New York State Athletic Commission, 123 William St., New York, NY 10038

9(a). Enfòmasyon espesyal yo dwe divilge:

- Dosye Medikal apati dat (mete dat la) jiska dat (mete dat la)
Tout Dosye Medikal la, tankou istwa pasyan an, nòt klinik (sof nòt siko-terapi), rezulta tès, etid radyoloji, film, referans, konsiltasyon, dosye faktirasyon, dosye asirans, ak dosye lòt pwofesyonèl swen sante voye ba ou.
- Lòt: Mete: (Endike avèk Inisyal ou)

Tretman pou AlkkA/Dwwk

EnfkAlkkpo sou Sante Mantal

Enfteeentee sou VIH

Otorizasyon pou Diskite sou Enfòmasyon sou Sante

- (b) Depi mwen mete inisyal mwen la a _____ mwen otorize _____
Inisyal Non pwofesyonèl swen sante endividiyèl la
pou yo diskite sou enfòmasyon sou sante mwen avèk avoka mwen, oswam yon ajans gouvènman, ki endike la a:

New York State Athletic Commission

(Non Avoka/Kabinè Avoka oswa Non Ajans Gouvènman)

10. Rezon pou divilge enfòmasyon yo:
Sou demann moun nan
 Lòt:
11. Dat oswa evènman lè otorizasyon sa a pral ekspire:
Yon ane apre dat sa a

12. Si se pa pasyan an, bay non moun ki siyen fòm nan:
Pa Disponib
13. Otorizasyon pou siyen sou non pasyan an:
Pa Disponib

Tout paragraf ki nan fòm sa a te ranpli epi9 mwen te jwenn repons pou kesyon yo mwen yo tou. Yo ban mwen yon kopi fòm nan.

Dat la: _____

(Siyati pasyan an oswa reprezantan ki gen otorizasyon lalwa)

* Virus Imino-defisyen imen ki lakòz maladi SIDA. Lwa Eta New York sou Sante Publik (New York State Public Health Law) pwoteje enfòmasyon ki kapab idantifye yon moun yon fason rezonab yon moun kòm moun ki gen sentòm VIH oswa enfeksyon ak enfòmasyon konsènan kontak yon moun.



Dosye Egzamen Istwa ak Fizik pou yon Lisans kòm yon Jij oswa Abit

SEKSYON 1 — SE MOUN KI APLIKE POU YON LISANS JIJ OSWA ABIT KI DWE RANPLI SEKSYON SA A

Tanpri sonje abit yo gen obligasyon tou pou yo soumet yon trase EKG, tès san pou Antijèn Sifas Epatit B, Antikò Epatit C ak VIH ansanm avèk aplikasyon yo **

1. NON LEGAL	2. NIMEWO TELEFÒN KAY	3. NIMEWO TELEFÒN BIZNIS
4.ADRÈS NAN RI (KAY)		
VIL	ETA	KÒD POSTAL + 4
5. DAT NESANS		6. LÒT ETA KOTE OU GEN LISANS POU DIRIJE SOU PLAN PWOFESYONÈL

7. Èske ou te janm sèvi nan Sèvis Fòs Lame Etazini?

WI* NON

*Si ou te resevwa yon dechaj medikal, endike rezon an:

8. Èske w ap soufri avèk souf-kout, batman (palpitasyon) kè, nenpòt doulè oswa presyon nan pwatrin nan, oswa èske doktè te janm fè ou konnen ou te gen nenpòt maladi kè?

WI* NON

*Si ou reponn "Wi", eksplike:

9. Èske ou te janm krache san oswa èske doktè te janm fè ou konnen ou gen nenpòt maladi poumon an?

WI* NON

*Si ou reponn "Wi", eksplike:

10. Èske doktè te janm mande ou pou fè nenpòt egzamen espesyal tankou radyografi, elektwokadyogram, elektwo-ansefalogram, egzamen san, elatriye?

WI* NON

*Si ou reponn "Wi", eksplike:

11. Èske ou te janm nenpòt zo ou te janm fraktire oswa èske ou te janm soufri avèk chòk nan do, chòk nan kou oswa nenpòt lòt chòk?

WI* NON

*Si ou reponn "Wi", eksplike:

12. Èske ou te janm gen nenpòt maladi, enfeksyon oswa operasyon chirijikal nan dènye senk ane yo?

WI* NON

*Si ou reponn "Wi", eksplike:

13. Èske ou gen nenpòt lòt enfòmasyon ki konsène sante ou — **anvan ak kounye a** — ki pa t endike nan kesyon anwo yo?

WI* NON

*Si ou reponn "Wi", eksplike:

Kòmantè, si ou genyen:

kaz la si gen lòt kòmantè nan lòt bò a

Konfirmasyon Moun ki Aplike a — Mwen konfime deklarasyon ki anwo a se deklarasyon ki vrè ak kòrèk dapre tout sa mwen konnen. Answit mwen rekonèt tout deklarasyon ak enfòmasyon mwen bay yo fèt anba menas sanksyon pou fo temwayaj epi, si yo pa vrè oswa si yo pa itil, sa ap lakòz mwen jwenn sanksyon ak/oswa sispansyon.

X

Siyati Moun ki Aplike a

Dat la

X

Siyati Doktè a

Dat la

X

Moun ki Resewwa Li (Doktè)

Dat la

SEKSYON 2 — EGZAMEN FIZIK JIJ/ABIT — SE DOKTÈ A KI DWE RANPLI SEKSYON SA A EXAMINADOR**1. VITAL SIGNS**

A) BLOOD PRESSURE B) PULSE (AT REST) C) PULSE (AFTER 20 HOPS) D) PULSE (2 MINUTES AFTER EXERCISE)

COMMENT _____

2. HEAD AND FACE (Describe scars, swelling, tenderness, etc.) NORMAL ABNORMAL NOT EXAMINED**3. EYES (Dilated eye exam to be completed by an ophthalmologist or optometrist)**

A) RETINA	<input type="checkbox"/> NORMAL	<input type="checkbox"/> ABNORMAL	<input type="checkbox"/> NOT EXAMINED	
B) CORNEA AND CONJUNCTIVEA	<input type="checkbox"/> NORMAL	<input type="checkbox"/> ABNORMAL	<input type="checkbox"/> NOT EXAMINED	
C) VISUAL ACUITY (SNELLEN CHART)	<u>RIGHT</u>	<u>LEFT</u>	<u>RIGHT</u>	<u>LEFT</u>
UNCORRECTED:		CORRECTED:		
D) SACCADES	HORIZONTAL	<input type="checkbox"/> NORMAL	<input type="checkbox"/> ABNORMAL	<input type="checkbox"/> NOT EXAMINED
	VERTICAL	<input type="checkbox"/> NORMAL	<input type="checkbox"/> ABNORMAL	<input type="checkbox"/> NOT EXAMINED

Name of Ophthalmologist or Optometrist (PRINT): _____

Signature of Ophthalmologist or Optometrist: **X** _____ Date: _____

Office Address: _____

Office Telephone Number: _____

4. EARS (Including tympanic membrane, external auditory canals, auditory acuity for conversational voice) NORMAL ABNORMAL NOT EXAMINED**5. NOSE** NORMAL ABNORMAL NOT EXAMINED**6. OROPHARYNX** NORMAL ABNORMAL NOT EXAMINED**7. NECK** NORMAL ABNORMAL NOT EXAMINED**8. LUNGS** NORMAL ABNORMAL NOT EXAMINED**9. THORAX/CHEST** NORMAL ABNORMAL NOT EXAMINED**10. HEART** NORMAL ABNORMAL NOT EXAMINED**11. ABDOMEN and INGUINAL AREA** NORMAL ABNORMAL NOT EXAMINED**12. BACK and SPINE** NORMAL ABNORMAL NOT EXAMINED

SECTION 2 CONTINUED— TO BE COMPLETED BY EXAMINING PHYSICIAN**13. EXTREMITIES/MUSCULOSKELETAL SYSTEM**

A) SHOULDERS	<input type="checkbox"/> LEFT	<input type="checkbox"/> RIGHT	<input type="checkbox"/> NORMAL	<input type="checkbox"/> ABNORMAL	<input type="checkbox"/> NOT EXAMINED
B) ELBOWS	<input type="checkbox"/> LEFT	<input type="checkbox"/> RIGHT	<input type="checkbox"/> NORMAL	<input type="checkbox"/> ABNORMAL	<input type="checkbox"/> NOT EXAMINED
C) KNEES	<input type="checkbox"/> LEFT	<input type="checkbox"/> RIGHT	<input type="checkbox"/> NORMAL	<input type="checkbox"/> ABNORMAL	<input type="checkbox"/> NOT EXAMINED
D) ANKLES	<input type="checkbox"/> LEFT	<input type="checkbox"/> RIGHT	<input type="checkbox"/> NORMAL	<input type="checkbox"/> ABNORMAL	<input type="checkbox"/> NOT EXAMINED

14. SKIN

<input type="checkbox"/> NORMAL	<input type="checkbox"/> ABNORMAL	<input type="checkbox"/> NOT EXAMINED
---------------------------------	-----------------------------------	---------------------------------------

15. LYMPHATIC SYSTEM

<input type="checkbox"/> NORMAL	<input type="checkbox"/> ABNORMAL	<input type="checkbox"/> NOT EXAMINED
---------------------------------	-----------------------------------	---------------------------------------

16. NERVOUS SYSTEM

<input type="checkbox"/> NORMAL	<input type="checkbox"/> ABNORMAL	<input type="checkbox"/> NOT EXAMINED
---------------------------------	-----------------------------------	---------------------------------------

SUMMARIZE ALL POSITIVE FINDINGS, IF ANY, AND INDICATE YOUR CLINICAL INTERPRETATION OF THIS DATA

RECOMMENDATIONS FOR FURTHER SPECIALIZED EXAMINATION AND/OR CONSULTATION

OTHER REMARKS

Physician's Certification — I hereby certify that I have examined (print full legal and ring name of applicant)on this day, (insert date) _____, and I Approve Disapprove this applicant for Judge/Referee

If disapproved, provide reason(s) for disapproval: _____

Name of Physician (PRINT): _____

Signature of Physician: X _____

Office Address: _____

If physical was not conducted at the office listed above, specify location/address: _____

Office Telephone Number: _____